Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы
Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ

Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр

Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси
Қорақалпоғистон бўлимининг

# АХБОРОТНОМАСИ

Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда

# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан
Журнал издается с 1960 года

№ 4
(281)

Нукус-2025

# LIRIKALÍQ OBRAZLARDÍŃ PSIXOANALITIKALÍQ TÁBIYATÍ

**Tleuniyazova G.B.**
*Ózbekstan Respublikasi Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Házirgi zaman ádebiyat iliminde psixoanalitikalıq usıl poeziyanı tereń túsiniw imkaniyatın beretuǵın baǵdarlardıń biri bolıp esaplanadı. Lirika tek estetikalıq forma emes, ol insannıń ruwxiy dúnyasındaǵı qarama-qarsılıqlar hám sezimlerdiń kórkem sáwleleniwi. Sonıń ushın lirikalıq shıǵarmalardı psixoanaliz kózqarasınan tallaw shayırdıń ishki dúnyasın, sanasızlıqtaǵı qarama-qarsılıqların hám ruwxıy evolyuciyasın tereńirek túsiniwge járdem beredi. Jáhán ádebiyattanıw iliminde kórkem ádebiyat hám psixoanaliz arasındaǵı baylanıslılıq XX ásirden baslap keń úyrenilip kelinbekte.

Psixoanaliz ilimine tiykar salǵan Z.Freydtiń pikirinshe, kórkem shıǵarma insannıń sanadan tısqarı qálewleri hám qorqıwlarınıń kórinisi. Ol «Dóretiwshilik hám qıyal» («Der Dichter und das Phantasieren», 1908) atlı shıǵarmasında ádebiy dóretiwshilikti balalıqtaǵı oyınlar hám qıyallardıń dawamı sıpatında táriypleydi [6]. Freydtiń pikirinshe, hárbir xudojnik óz qıyalın dóretiwshilikke aylandırıp, sanasız tileklerin sociallıq jaqtan qabıl etiletuǵın formada kórsetedi. Bul qubılıs psixoanalizde sublimaciya dep ataladı: dáslep qadaǵan etilgen yaki sanasızlıqta jasırınǵan qushtarlıqlar kórkem óner tiline ótip, estetikalıq áhmiyetke iye boladı. Usı kózqarastan, lirika – bel shaxstıń sanasız jaraqatlarları hám soqlıǵısıwların sáwlelendiretuǵın simvolikalıq keńislik.

K.G. Yung Freydtiń ideyaların tereńlestirip, kórkem ónerdegi obrazlardı tek jekke psixikalıq tájiriybe menen emes, al pútkil insaniyatqa ulıwmalıq bolǵan jámáátlik sanadan tıslıq penen baylanıstıradı. Onıń «Arxetipler hám jámáátlik sanadan tıslıq» («Die Archetypen und das kollektive Unbewusste», 1959) miynetinde arxetipler teoriyası hár tárepleme túsindirip berilgen. YUngtiń pikirinshe, kórkem shıǵarmalarda ana, qaharman, kóleńke, ólim, qayta tuwılıw sıyaqlı universal obrazlar tákirarlanıp turadı, sebebi olar adamzat sanasında tariyxıy-mádeniy dárejede jámlengen. Shayırdıń wazıypası sol arxetiplerdi zamanagóy sanaǵa jaqınlastırıw, jańa kórkem formada qayta tiriltiw [1]. Usı kózqarastan, lirika jekke avtor tájiriybesin jámáátlik miflik maydanlar menen tutastıratuǵın dóretiwshilik process bolıp tabıladı.

J.Lakannıń miynetleri psixoanalizdi jańa basqıshqa kóterip, sanasızlıqtı lingvistikalıq struktura sıpatında qarawı menen ajıralıp turadı. Onıń toplamında (1966) sanadan tıslıq «til sıyaqlı dúzilgenligi» aytıladı [3]. Lakan ushın sanadan tıs sóz, ásirese, metafora hám metonimiya dárejesinde ashıladı. Lirika usı tárepten sanasızlıqtıń eń ayqın kórinislerinen biri bolıp esaplanadı: shayırdıń qollanǵan metaforaları jasırın tileklerdi, al metonimiyalıq almasıwlar sanasızlıqtaǵı qorqınıshlar hám tileklerdi ańlatadı. Demek, lirikanı talqılaw tek estetikalıq emes, al adamnıń sanadan tıs dúzilisin til arqalı biliw háreketi bolıp tabıladı. Usı úsh baǵdardı teoriyalıq tiykar sıpatında alıp, S.Ibragimov lirikasın tallaw onıń dóretiwshiligindegi psixologiyalıq processlerdi tereńirek ashıwǵa háreket etemiz. Freydlik sublimaciya, Yung arxetipleri hám lakanlıq til teoriyası shayırdıń lirikalıq dúnyasın hár tárepleme túsindiriwge hám ashıp beriwge múmkinshilik tuwdıradı. Bul usıl qaraqalpaq poeziyasın tek ǵana milliy ádebiyat sheńberinde emes, al dúnya psixoanalitikalıq ádebiyattanıw kontekstinde de kórip shıǵıw imkaniyatın beredi.

Qaraqalpaq milliy poeziyasında S.Ibragimov tematikalıq, ideyalıq hám formalıq izlenisleri arqalı ádebiyattı jańa basqıshqa kótergen shayırlardıń biri. Shayırdıń «Tańlamalı qosıqlar» toplamındaǵı [2] lirikalıq dúrkinleri basqa shayırlardıń poetikalıq dástúrlerinen ayrıqshalanıp, obrazlı ıqsham súwretlewleri, pikirlew sistemasındaǵı ótkirligi hám dúrkinlerge toplanǵan qosıqlar arqalı lirikalıq qaharman xarakterin ashıp beriwdegi ózgesheligi menen kózge túsedi. Biz toplamdaǵı «Dáwkesken qalasınıń kepteri» lirikalıq dúrkinin psixoanalitikalıq talqın boyınsha úyrenemiz. Dúrkinge 2000-jıllardan keyin jazılǵan 30 ǵa jaqın qosıqları kirgen. Olardıń hár birinde lirikalıq qaharmannıń pikirleri anıq, salmaqlı xarakterge iye. Soǵan qaramastan, dúrkindi psixoanalitikalıq tallawda qus obrazı – onı birlestiretuǵın sanadan tıs arxetip dep aytıwǵa boladı. Dúrkindegi «Kók kepterge qara qonǵan, Nigara…» qosıǵı onıń mazmunlıq oray desek boladı.

Dáwkesken qalası – Ústirttiń qubla-shıǵıs bóliminde jaylasqan áyyemgi mádeniy-civilizaciyalıq esteliklerden biri (b.e.sh. IV-III ásirler, XVII ásir). Археологиялық изертлеўлер оны Вазир қаласы менен байланыстырады. Orta ásir dereklerinde, sonıń ishinde, Ibn Battutanıń sayaxatnamalarında aymaqtıń sawlatlı meshitleri, sawlatlı qabıllaw zalları hám bay turmıs mádeniyatı súwretlenedi. Arxeologiyalıq maǵlıwmatlarǵa bola, qala XV-XVI ásirlerde ayrıqsha gúllepjasnaǵan, biraq Ámiwdárya ańǵarınıń ózgeriwi sebepli áste-aqırın qulaǵan [7]. Xalıq эпсаналарында Dáwkesken qalasın Sarı dáw qurǵan degen isenim saqlanǵan: ol óz qılıshı menen taslardı kesip, qala qurǵan [4]. Bul syujet arxetiplik mániske tolı. Qılısh – kúsh, mártlik, hákimiyat hám agressiyanıń belgisi. Freyd táliymatında ol fallikalıq simvol sıpatında hám dóretiwshilik energiyanı, hám buzǵınshı kúshti anlatadı. Tas – máńgilik hám únsizlik, tariyx hám yad belgisi.

Qala bolsa xaostan shıqqan tártip, mádeniyat

hám sanadan tıssızlıq strukturalasıwı. Bul ápsana tiykarında jaratıwshı hám wayran etiwshi kúshlerdiń birligi jatadı: dáwdiń qılıshı tastı jaradı, biraq sol tas máńgilik simvolına aylanıp, civilizaciyanıń tiykarın quradı. Waqıttıń ótiwi menen bul civilizaciya qulap, jáne xaosqa batadı.

Bul syujet civilizaciyanıń payda bolıwın sırlı kúsh penen baylanıstırıp, waqıt hám tariyx aldındaǵı hár qanday hákimiyattıń ázziligin názerde tutadı. Qala qarabaqanaları xalıq yadında saqlanıp, muqaddes orınǵa aylanǵan. Psixoanalitikalıq kózqarastan bunday wayranlar sanasızlıqtıń tereń qatlamların sáwlelendiredi: sırtınan únsiz tas diyÿallar – jámáátlik yadtı saqlawshı, ishki mazmun bolsa qayta janlanıwǵa tayar sanasız kórinisler.

Usı tariyxıy-ápsanawiy keńislik shayır S.Ibragimov dóretiwshiliginde ayrıqsha poeziyalıq mazmunǵa iye. Onıń «Dáwkesken qalasınıń kepteri» atlı lirikalıq dúrkininde jekke táǵdir, jámáátlik yad hám ruwxıy dramalar bir pútin simvolikalıq álemge birlesedi. «Kók kepterge qara qonǵan, Nigara, Tórebekbegimniń mavzoleyine...» [2:321] degen qatarlarında dástúriy mádeniyattaǵı kók kepterdiń biygúnalıq, tazalıq, erkinlik hám názik ruwxtıń belgisi sıpatındaǵı túsindirmesi jetekshilik etedi, yaǵnıy, ol názik kewilli adamnıń, jaralı ruwxtıń poeziyalıq kórinisine aylanadı. Kepterdiń muqaddes maqbaraǵa qonıwı tariyx penen sırlasıw, ótmish penen búgindi baylanıstırıw, muqaddes keńislik penen baylanıs ornatıwı bolıp esaplanadı. Bul qatarlarda jáne de anıq tariyxıy orın – Tórebekxanım mavzoleyi tilge alınadı. Bul estelik XIV ásirde qurılǵan bolıp, Altın Orda xanı Ózbekxannıń qızı, Xorezm húkimdarı Qutlı Temurdıń zayıbı Tórebekxanımǵa baǵıshlanǵan [5]. Tórebekxanım mavzoleyi hayallıq baslaması, ruwxıy joqarı dáreje hám máńgiliktiń arxetipi sıpatında kórinedi. Xalıq yadında ol ǵamxor, miyrimli, muqaddes hayal obrazında saqlanıp qalǵan. Shayırdıń bul tariyxıy orındı tańlawı tosınnan emes: tap usı mavzoleyge baylanıslı xalıq ápsanası onıń poetikalıq mánisin tereńlestiredi. Ashıq usta xan qızına bolǵan muhabbatı ushın minara salıp, aqırǵı kúni ózine qanat jasap, minaradan sekiredi. Samal onı Buxaraǵa alıp ketedi, ol bolsa tuwılǵan eline tek qartayǵanda ǵana qaytadı. Onıń súyiklisi Tórebekxanım bul waqıtta qaytıs bolǵan edi. Usta qayǵısın kórkem ónerge aylandırıp, onıń qábirine maqbara quradı [7]. Bul ańızdıń poemadaǵı simvolika menen baylanısı anıq. Mavzoley názik qálbtiń máńgilikke aylanǵan muhabbatınıń kórinisi, muhabbattıń waqıttan joqarı turatuǵın kúshin dálilleytuǵın muqaddes noqat. Psixoanalitikalıq jaqtan bul ańız Eros (ómir, muhabbat) hám Tanatos (ólim) kúshleriniń dialektikasın sáwlelendiredi (Freyd). Ustanıń minaradan sekiriwi arxetiplik «qaharmannıń sınaǵı», maqbaranı qurıw bolsa qayǵınıń sublimaciyası, kórkem ónerge aylandırıwı. Usı kózqarastan, poemadaǵı kók kepterdi ustanıń ruwxı menen baylanıstırıp qaraw múmkin: ol tariyx keńisliginde ushıp júr, muqaddes orınlarǵa qonıp, únsiz taslarǵa óz muńın aytadı.

Qosıqtıń keyingi bántlerinde lirikalıq qaharmannıń psixologiyalıq dramması ashıladı. «Ol hám julqınadı sen yańlı ǵaybar», «ol hám hazar shekken, qanatı sınıp» [2:321] qatarları shaxstıń ruwxıy jarasın, gúresin, shıdamın súwretleydi. Qanat sınıwı – erkinliktiń shekleniwi, táǵdir soqqılarınıń metaforası. Sabır-taqat motivi bolsa tragediyaǵa qaramastan ómirdi dawam ettiriwge umtılıw, tiri qalıw instinkti kórinisi. Bul jerde Z.Freydtiń «ráxátleniw principi» hám «haqıyqatlıq principi» qarama-qarsılıǵı anıq seziledi: insan baxıtqa, lázzetke umtıladı, biraq haqıyqatlıq oǵan qayǵı hám azap alıp keledi.

Qosıqta muqaddes keńisliktiń ózgesheligi de tereń súwretlenedi. «Úrkitpe bilqastan ol jániwardı, bul bir kiyeli qus...» [2:321] degen qatarlarda shayır oqıwshıǵa múrájat etip, bul názik qálbti úrkitpewdi, oǵan húrmet penen qarawdı eskertedi. Eger ol jámiyettiń qollap-quwatlawın tappasa, wayran bolǵan qalaǵa ketip, tek taslarǵa ǵana dártin aytadı. Dáwkesken qalası bul jerde jámáátlik sanasızlıqtıń arxetipi sıpatında kórinedi: ol civilizaciya qulaǵan, biraq ruwxıy energiyası saqlanǵan keńislik. Tas – únsiz tıńlawshı, tariyxtıń gúwası, jalǵızlıqtıń metaforası. Shayırdıń qayǵısı tek únsiz taslarǵa jetedi, sebebi jámiyet onı túsinbeydi. Jáne de S. Ibragimov arxeologiyalıq ekspediciya quramında Dawkesken qarabaqanaların úyreniwge qatnasqanı málim. Dáwkesken shayır ushın sol ushın da ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, xalıq ápsanaları hám Dáwkesken poetikalıq obrazǵa aylanǵan. Onıń qosıqlarındaǵı arxeologiyalıq keńislik hám mifologiyalıq motivler arxeologiyalıq ekspediciya dawamında alǵan tásirleniwlerdiń sanasız dárejede poeziyalıq simvolǵa aylanıwı.

«Úrkitpe bilqastan ol jániwardı,
bul bir kiyeli qus,
ǵarip kewline
tas atılǵan átirapta turmaydı.

Úrkitseń Dáwkesken qalasına
ushıp ketedi ol, hám onda barıp
muńın aytadı Ústirttiń taslarına» [2:321].

Demek, bul jerde shayırdıń óziniń de ishki dawısı bar: ol tasqa qarap únsizlikti tıńlaydı, biraq sol únsizlik ishinde ótken dáwirlerdiń qayǵısın esitedi. Kepter – ekspediciyaǵa barǵan izertlewshi ruwxınıń lirikalıq sáwleleniwi, tariyx penen sóylesken shayırdıń ishki «men»iniń kórinisi sıpatında da qarawǵa boladı.

Qosıqta jer menen aspannıń dualizmi de ayrıqsha áhmiyetke iye. «Aspan ayaday, jer tebingidey, birde ashshı, birde tatlı boldı bizler kirgen baǵdıń miyÿeleri» [2:321] degen qatarlar dúnyanıń qarama-qarsı tábiyatın sáwlelendiredi. Aspan – sheksizlik hám ruwxıy dúnya, erkinlik tımsalı bolsa, jer tirishiliktiń, táǵdirdiń awır júginiń, materiallıq haqıyqatlıqtıń kórinisi.

«Tebingi» – adamdı tágdirdiń salmaǵınan teń uslap turatuǵın tirek. «Baǵ miyweleriniń birde ashshı, birde shiyrin»ligi – ómirdiń eki táreplemeligin, quwanısh penen qayǵınıń birge júriwin názerde tutadı.

Dáwkesken qalası haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar hám xalıq yadında saqlanıp qalǵan ańızápsanalar, sonday-aq, bul qosıqtaǵı obrazlar óz ara tıǵız baylanısta kórip shıǵılǵanda, biz tariyx penen sanadan tıslıqtıń, arxeologiya menen poeziyanıń, jámáátlik yad penen jekke dóretiwshiliktiń ayrıqsha kesilispesin bayqaymız. Kók kepter bolsa sol tariyxtı búgingi kún menen baylanıstıratuǵın sanadan tıs simvol.

«Qus» obrazın lirikalıq dúrkinniń oraylıq arxetipi sıpatında belgilewge boladı. Ulıwma ádebiy simvolikada qus – erkinlik, jannıń ushıwı, ruwxıy bálentlik, tágdirden qashıw yamasa qutqarılıw simvolı ekenligi málim. Psixoanalitikalık mánisi: 1) qus – libidonıń metaforası, ómirge umtılıw, erkinlik hám muhabbatqa umtılıw (Freyd); 2) jan arxetipi – «Men»di jerdegi tirishilikten joqarıǵa, «transcendentke» jeteklewshi obraz (YUng); 3) sanadan tıslıkta – balalıqtaǵı qorǵawsızlıqtı da, árman-tilektiń názik formasın da bildiredi. Al. S.Ibragimovtıń «Dáwkesken qalasınıń kepteri» durkininde hár qosıqta qus birese «kepter», birese «ushtı bir qus», birese «duzaǵınan jazdırılǵan qus», «qos qumırı» bolıp qollanılǵan. Bul avtordıń ishki jan jarasın qayta-qayta súwretlewi bolıp tabıladı.

«Ushtı bir qus kózleri janıp…» – dúrkindegi ekinshi qosıq.

«Ushtı bir qus kózleri janıp…
ushtı qanatları sel bolıp,
Súymegen jemtigine tumsıq urmaydı,
tumsıǵı ilgendi bermeydi qaytıp … [2:320].

Qosıqtıń mazmunı lirikalıq qaharmannıń ruwxıy daǵdarıstan keyingi dúnyaǵa kózqarasınıń transformaciyasın sáwlelendiredi. «Ushıp atırǵan qus» obrazı psixoanaliz jaǵınan joǵaltıwdıń tiykarǵı simvolı sıpatında kórinedi. Qustıń ketiwi qaharmannıń ómirinde áhmiyetli emocional baylanıstıń úziliwin, súyiwshilik obektiniń joǵalıwın bildiredi. Bul psixodinamikalıq jaqtan joǵaltıw kompleksin (loss complex) aktivlestiretuǵın tiykarǵı waqıya.

«Ushtı bir qus kózleri janıp – Men ózimdi suwǵa urdım, tal qarmadım» [2:320] qatarı lirikalıq qaharmannıń ózin ayıplaw reakciyasın kórsetedi. Freydtiń melanxoliya teoriyası boyınsha, bunday jaǵdayda adam joǵaltqan obyektti óziniń «Men»ine kirgizip, oǵan qaratılǵan agressiyanı ózine qaratadı, yaǵnıy ayıpdarlıq sezimi arqalı ishki qayǵısın tereńlestiredi. Yung táliymatı kózqarasınan bul qatarlarda shaxstıń «kóleńke» arxetipi menen duslasıwı, yaǵnıy óziniń ázziligin tán alıwı kórinedi. Qosıqta qustıń tábiyǵıy ciklge boysınbaytuǵını ayrıqsha atap ótiledi: «Gúz tússe arqaǵa ushadı, Jaz kelse qublaǵa ushadı» [2:320]. Qustıń minez-qulqı onıń tábiyat nızamshılıǵınan tısqarı, ǵárezsiz obraz ekenligin anıqlaydı. Psixoanalitikalıq jaqtan bul baqlawǵa boysınbaytuǵin, qaharmannıń qálewine boysınbaytuǵin muhabbat obyektin sıpatlaydı. Bunday obraz lirikalıq qaharmannıń ishki qarama-qarsılıǵın kúsheytedi: ol qustı uslap qala almaydı, biraq onnan waz keshiwge de shaması kelmeydi. Qustıń «Bul qustıń báhári-gúzi joq» hám «Heshkimniń aldında esap bermeydi» [2:320] dep sıpatlanıwı bul obrazdıń erkinlik hám juwapkershilikten azat etiw arxetipin sáwlelendiriwi bolıp esaplanadı. Bunday sıpatlar qustı lirikalıq qaharmannıń qolınan kelmeytuǵın erkinlik hám óz betinshelik simvolına aylandıradı. Bul sanadan tıs qarama-qarsılıqlı sezimlerdiń, bir waqıttıń ózinde ókpe hám húrmettiń birge jasap atırǵanınıń belgisi.

Qosıqtıń sońǵı qatarlarında eń áhmiyetli psixoanalitikalıq máwrit «Endi men dúnyanı / Joytqan qusımnıń//Tárezige salaman kózleri menen» [2:320] obrazı. Bul obraz qaharmannıń ótmish tájiriybesinen keyingi qádiriyatlar sistemasın qayta bahalaw procesin bildiredi. Psixoanalizde bunday háreket «qayta dúziw» (restructuring) yamasa «reintegraciya» dep ataladı: adam travmalıq tájiriybeden keyin dúnyaǵa bolǵan kózqarasın qayta quradı, qádiriyatların ólshep, salmaqlaydı. Qustıń kózleri arqalı dúnyanı tárezige salıw – sanadan tıs dárejede joǵaltıw qaharmannıń sanasına jańa ólshem, jańa názer alıp kelgenin kórsetedi.

Solay etip, qosıq tek jeke joǵaltıwdı emes, al sol joǵaltıwdıń nátiyjesinde payda bolǵan ishki transformaciyanı sáwlelendiredi. Lirikalıq qaharman dúnyanı burıńǵıday qabıl etpeydi, endi ol onı bahalaydı, ólsheydi, talqılaydı. Bul psixologiyalıq jaqtan ruuhıy jaraqattan keyingi ósiwdiń poeziyalıq kórinisi. Ulıwma alǵanda, qosıq lirikalıq qaharmannıń joǵaltıwdı basınan keshiriw procesin, yaǵnıy qayǵınıń klassikalıq basqıshların – qıyınshılıq, ózin ayıplaw, qabıl etiw hám úmit dáwirlerin kórkem súwretleydi. Nátiyjede, «ushqan qus» obrazı insan janınıń tereńinde jatırǵan ruwxıy umtılıslardı, juwapsız qalǵan muhabbattı yamasa orınlanbaǵan ármanlardı jámlewshi simvol sıpatında anıqlanadı.

Dúrkindegi qus obrazın súwretleytuǵın úshinshi qosıq «Duzaǵıńnan jazdırılǵan qus» dep baslanadı.

Duzaǵıńnan jazdırılǵan qus
sen usılay qutılmaǵanda –
bir báleli qus bolar edi,
sawda salar edi basıńa.
Sen báleli qustan qutıldıń,
ol emes, sen jan saqlap qaldıń [2:324].

Lirikalıq qaharmannıń qusqa bolǵan kózqarasınıń evolyuciyası psixologiyalıq jaqtan áhmiyetli basqıshtı sáwlelendiredi: ol endi ózin qurban emes, al aman qalǵan, tájiriybeden ótken shaxs sıpatında kóredi. Bul transformaciya joǵaltıwdı tek ǵana qayǵı sıpatında emes, al jeke ósiwge úles qosqan tájiriybe sıpatında qabıl etiw imkaniyatın beredi. Psixoanalitikalıq jaqtan bun-

day ózgeris jaraqattan (travma) keyingi ósiw fenomeni menen sáykes keledi: adam awır waqıyadan keyin jańa qádiriyatlardı tabadı, ózin tereńirek túsinedi hám ómirdiń mánisin qayta quradı. Nátiyjede lirikalıq qaharman ishki teńsalmaqlıqqa erisip, ótken tájiriybeni ómiriniń áhmiyetli bólegi sıpatında qabıl etedi. Bul onıń shaxslıq jetilisiwin, ruwxıy tereńlesiwin belgileydi.

Dúrkindegi tórtinshi qus obrazı «Qumırı» qusı menen baylanıslı.

Bul qosıqta qus obrazı burıngıday tek joǵaltıw yamasa aman qalıw simvolı emes, al qarım-qatnasıq hám baylanıs, táǵdirli ushırasıw hám ruwxıy únleslik belgisi sıpatında kórinedi: «Sımǵa qonǵan eki qumırı /biykar izlemedi bir-birin» [2:330]. Bunda qaharman jalǵızlıqtı sezbeydi, kerisinshe, óz ara tabısıw quwanıshın sezinedi. Psixoanalitikalıq jaqtan bul ishki ob'ekttiń (qushtarlıq, muhabbat, tolıqlıq sezimi) sırtqı dúnyada júzege shıqqanın kóriwi bolıp esaplanadı. «Eki qus tórt qanat boladı, // kóp nárseler ańsat boladı» [2:330] – bul qatarlar birlik, tolıqlıqtıń metaforası. Eki shaxs birge bolǵanda olardıń imkaniyatları artıp, dúnyanı birgelikte jeńip ótiwge uqıplı bolatuǵının bildiredi. «Sonıń ushın sen meni tıńla, / bir sáwbetke irkil janımda», dep lirikalıq qaharman bir-birin tıńlawǵa, birge sóylesiwge shaqıradı. Bul jerde baylanıs tek fizikalıq emes, al ruwxıy dárejede ornatılıwı kerek degen pikir bar. «Qus nápesin tıńlap kóreyin – / jazıp jiber qanatlarıńdı» [2:331] – bul simvolikalıq túrde súyikliniń erkinligin húrmet etiw, onıń ishki dawısın, haqıyqıy ózligin tıńlaw tilegin bildiredi. Psixoanalitikalıq jaqtan bul egocentrizmnen waz keshiw hám obyektti óz betinshe shaxs sıpatında qabıl etiw basqıshı. Demek, bul qosıq qaharmannıń jańa qatnasıqlarǵa ashıqlıǵın, súyispenshilikti qayta seze alıwın kórsetedi. Bul jaraqatlanǵannan keyingi sońǵı basqısh: adam qayta iseniwge, múnásibet qurıwǵa tayar.

Demek, dúrkindegi tórt qosıqtaǵı «Qus» obrazınıń psixoanalitikalıq talqılanıwında lirikalıq qaharmannıń evolyuciyasın tómendegishe kóriwge boladı:

«Ushtı bir qus kózleri janıp…» qosıǵında qus tosattan ushıp ketedi, bul lirikalıq qaharman ushın súyikli ob'ektti joǵaltıw menen teń. Qaharman ózin ayıplaydı. Biraq qosıqtıń aqırında qaharman qustıń kózqarasın qabıl etip, «dúnyanı qusınıń kózleri menen» kóriwge óte baslaydı. Psixoanalitikalıq jaqtan bul joǵaltqan obyektti ishki dúnyaǵa kirgiziw hám oniń optikası arqalı dúnyanı qayta qabil etiw procesi. Bul identifikaciya mexanizmi qayǵını jeńiwdiń áhmiyetli shárti esaplanadı.

«Kók kepterge qara qonǵan, Nigara» qosıǵı dúrkinde «Ushtı bir qus kózleri janıp…» qosıǵınan keyin jaylasqan. Bul kosıqtı óz aldına bólek alıp, Dáwkesken qalası haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar hám xalıq yadında saqlanıp qalǵan ańız-ápsanalar, sonday-aq, bul qosıqtaǵı obrazlar óz ara baylanısta kórip shıǵılǵanda, biz tariyx hám sanasızlıq, arxeologiya hám poeziya, jámáátlik yad hám jeke dóretiwshiliktiń ayrıqsha kesilispesin bayqaymız. Kók kepter – bul tariyxtı búgingi kún menen baylanıstıratuǵın sanasız simvol. Al, dúrkindegi basqa qus obrazları menen salıstırmalı talqıǵa tartqanda basqasha interpretaciya shıǵadı. Bunda qus obrazı názik hám muqaddes obrazǵa aylanadı. «Bul bir kiyeli qus, // ǵarip kewline /tas atılǵan átirapta turmaydı» degen qatarlar qaharmannıń ishki ruwxıy dúnyasın, onıń sezimtallıǵın qorǵaw zárúrligin názerde tutadı. Qustı úrkitiw – ishki jandı jaralaw, onı saqlap qalıw bolsa ózin-ózi qorǵaw simvolı. Yungtin analitikalıq psixologiyası kózqarasınan bul dáwir kóleńkeni biliw procesine sáykes keledi: adam ózindegi ázzilikti moyınlap, onı qorǵaw áhmiyetin túsinedi.

«Duzaǵıńnan jazdırılǵan qus» qosıǵında qustıń ketiwi tragediya sıpatında emes, al ómirin saqlap qalıwdıń shárti sıpatında bahalanadı: «Sen báleli qustan qutıldıń, /ol emes, sen jan saqlap qaldıń» [2:324]. Bul obyektten libidoniń azat etiliwi (decathexis), yaǵnıy joǵaltqan obyekt penen baylanıstan psixologiyalıq azatlıqqa erisiw. Qaharman ózin endi qurban emes, aman qalǵan adam sıpatında sezinedi. Bul qayǵı procesiniń tamamlanıwı hám psixologiyalıq integraciya.

«Sımǵa qonǵan eki qumırı» dep baslanatuǵın qosıǵında qus obrazı jańa tárepten kórinedi – ol ushırasıw hám únlesliktiń, mánili baylanıstıń simvolına aylanadı. Bul súyiklisiniń ishki dawısın esitiwge, onıń erkinligin qabıl etiwge umtılıw. Psixoanalitikalıq jaqtan alǵanda, bul individuallastırıw procesiniń eń joqarı dárejesi, adam ózin pútin sezgen hám jańa emocional baylanısqa tayar bolǵan dáwir. Bul tórt basqısh adamnıń qayǵıdan keyingi ruwxıy hám psixologiyalıq ósiwiniń tábiyiy dinamikası menen sáykes keledi. Qus obrazı – lirikalıq qaharmannıń ishki transformaciyasınıń, jan jarasınan keyingi sawalıw hám qayta janlanıw procesiniń tiykarǵı simvolı.

Solay etip, tórt qosıqtı birgelikte qarap shıǵıw arqalı biz qus obrazın tek poeziyalıq detal sıpatında emes, al pútkil psixoanalitikalıq narrativtiń kórkemlik kodı sıpatında qabıl etemiz. Bul tórt qosıqta qus obrazı kem-kemnen rawajlanıp, quramalasıp baradı: birinshi qosıqta ol joǵaltıw simvolı sıpatında berilip, qaharman ózin ayıplaydı, biraq qustıń kózqarasın qabıl etiw arqalı dúnyanı jańasha kóriwge ótedi; ekinshi qosıqta qus názik ishki dúnyanıń kórinisi sıpatında súwretlenip, onı qorǵaw zárúrligi anıqlanadı; úshinshi qosıqta qustıń ketiwi tragediya emes, al qayta qutqarılıw sıpatında túsindirilip, bul qaharmannıń ishki emleniw dáwiriniń juwmaqlanıwın bildiredi; tórtinshi qosıqta qus juplıq juplıq baylanıstıń belgisi bolıp, qaharman óz sezimlerin ashıq bildirip, jańa qatnasıqqa tayar ekenin kórsetedi.

Psixoanalitikalıq jaqtan alǵanda, bul tórt qosıq bir pútin emocional cikldi súwretleydi: joǵaltıwdan baslap jaraqatlardıń anıqlanıwı, qabıl etiliwi hám qayta baylanıs ornatıwǵa shekemgi process kórsetiledi. Bunday cikl insannıń jaraqatlanǵannan

keyingi ósiwin anıq súwretleydi.

S.Ibragimov poeziyasındaǵı bir lirikalıq dúrkindegi qus obrazına arnalǵan bul tallaw tek ǵana ishki psixologiyalıq dinamikanı emes, al tariyxıy yad hám mádeniy kodlardı da iske qosatuǵının kórsetedi. Qus obrazı jeke adamnıń jaraqat tájiriybesi hám jámáátlik tariyxıy estelik arasındaǵı mediator, ótmish hám búgindi, sanadan tıslıq hám sana dárejesin tutastırıwshı simvollıq kópir sıpatında xızmet etedi.

ÁDEBIYATLAR


1. Jung C.G. ie Archetypen und das kollektive Unbewusste. – 2. Aufl. – Olten: Walter, 1976. – 472 S. – (Gesammelte Werke / C.G. Jung; Bd. 9,1). – ISBN 978-3-530-40797-6.
2. Ибрагимов С. Таңламалы қосықлар. – Нөкис: Билим, 2016. – 328 б.
3. Lacan J. Écrits. – Paris: Éditions du Seuil, 1966. – 924 p.
4. Нуратдинова Г. Дала жазыўлары. Информатор Кудайберген Абдуллаев. Қоңырат районы, 85 жас. 2020-жыл, 31 Декабрь.
5. Памятники архитектуры Туркменистана. – Л.: Стройиздат, Ленинградское отделение, 1974. – 344 с.
6. https://www.freudedition.net
7. https://silkadv.com/en/content/deu-kesken-kala-0.


**Lirik obrazlarning psixoanalitik tabiati**


**Tleuniyazova G.B.**

*O'zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpog'iston bo'limi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*



Mazkur maqolada zamonaviy adabiyotshunoslikdagi psixoanalitik yondashuv asosida S.Ibragimov lirikasining badiiy mohiyati tahlil qilinadi. Tadqiqotda Z.Freydning sublimatsiya nazariyasi, K.G. Yungning arxetiplar konsepsiyasi va J.Lakanning til haqidagi psixoanalitik qarashlari asos qilib olingan. Shoir asarlaridagi qush obrazi nafaqat tashqi manzara unsuri sifatida, balki inson ruhiy holatining ramziy ifodasi sifatida talqin qilinadi. Ushbu obraz orqali muallif o'zining ichki kechinmalari, ongsizlikdagi ziddiyatlari hamda ruhiy o'sish va o'zini anglash jarayonlarini badiiy shaklda aks ettiradi. Maqolada tarixiy, arxeologik va mifologik qatlamlar bilan bog'liq obrazlar psixoanalitik kontekstda tahlil qilinib, shoir ijodining milliy va umuminsoniy qadriyatlar uyg'unligidagi o'rni ochib beriladi.


**Психоаналитическая природа лирических образов**


**Тлеуниязова Г.Б.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В статье рассматривается лирика С. Ибрагимова с позиции психоаналитического подхода, одного из ключевых направлений современного литературоведения. Основу исследования составляют концепции З. Фрейда (сублимация), К.Г. Юнга (архетипы) и Ж. Лакана (язык и бессознательное). Образ птицы в произведениях поэта интерпретируется не только как элемент внешнего пейзажа, но и как символическое отражение духовного состояния человека. Через данный образ автор художественно выражает свои внутренние переживания, подсознательные противоречия, а также процессы духовного роста и самопознания. Анализ выявляет взаимосвязь поэзии с археологическим и мифологическим контекстами, раскрывая синтез национальных и универсальных ценностей в творчестве поэта.


**The Psychoanalytic Nature of Lyrical Images**


**Tleuniyazova G.B.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*



This article analyzes the lyric poetry of S. Ibragimov through a psychoanalytic lens, one of the key methodologies in modern literary criticism. The study draws on Z. Freud's theory of sublimation, C. G. Jung's concept of archetypes, and J. Lacan's linguistic model of the unconscious. The image of the bird in the poet's works is interpreted not only as an element of the external landscape but also as a symbolic reflection of the human spiritual state. Through this image, the author artistically conveys his inner experiences, subconscious conflicts, and the processes of spiritual growth and self-realization. By linking historical, archaeological, and mythological layers, the research reveals the integration of national identity and universal human values in Ibragimov's poetic world.